

1. ISTWA CHOFÈ A

Yon fwa, yon ofisye lapolis te rete yon chofè. Msye te yon bon chofè, sepousa-l tap mande tèt li sak pase, paske li pa konnen-l te fè anyen ki mal.

Ofisye polis la te dil konsa: “Mwen retew paske w’ap kouri 55 kilomèt pa è nan yon zòn ki gen lekòl, tandiske gen 10 pano ki ekri ke ou pa dwe depase 15 km, ou fè komsa ou pa wè yo.”

Menm jan chofè a te gen 10 pano, Bondye bannou 10 avètisman klè kon dlo kokoye nan Bib la. Nou rele yo “10 kòmandman”.

Èske ou pa janm bay manti? Èske ou pa janmen pran yon bagay ki pa pou ou? Oswa èske ou pa janm sèvi ak Non Bondye pou fè sèman? Si w menm jan ak mwen, m-panse wap di “wi.”

Koute sa Bib la di:

- Nenpòt moun ki aplike tout lalwa men ki rate yonsèl kòmandman, li koupab anvè yo tout. (Jak. 2:10)

Konsa Bondye di, lè nou vyole yonsèl kòmandman, nou fè peche e nou koupab kont tout lòt kòmandman yo tankou adiltè ak touye moun.

- Jijman Bondye kont peche nou yo se lanmò (sa vle di ale nan lanfè); paske Bondye pap sipòte peche kote-l ye a. (Women 6:23a)

Si se konsa istwa a fini, nanpwen èspwa pou nou...

2. KRIMINÈL KONDANE A

Gen yon nonm inosan ki te vini devan yon jij e li te ofri tèt li pou yo touyel nan plas yon kriminèl. Jij la te dakò. Nan demen, jij la di nonm koupab la ke li dwe pran yon desizyon.

“Gen yon nonm inosan ki te mouri nan plas ou. Si ou aksèpte ke se pou krim ou an li te mouri, ou lib konnye a menm, ou mèt ale lakay ou. Si ou pa aksèpte ke li te mouri pou krim ou an nou pral ekzekitew. Ki sa ou chwazi?”

Jezi Kri, Pitit gason Bondye a pat gen peche nan li, malgre sa, li te bay lavi li poul peye dèt peche ou ak peche mwen. (Jijman Bondye pou peche nou se lanmò). Apre twa jou li te leve pami mò yo.

- Bondye te montre kòman li renmen nou anpil, lèl te voye Jezi Kri mouri pou nou, menm lè nou tap fè peche toujou. (Women 5:8)
- Kado Bondye ban nou gratis la, se lavi etènel, nan Jezi Kri Seyè nou an. (Women 6:23b)

Paske Jezi te aksèpte mouri nan plas ou fèw gen 2 chwa:

Resevwa padon Bondye pou pechew yo ak lavi etènel la lèw repanti pou tout peche e ou deside kite yo. Epi ou mete tout konfians ou nan seyè a. (Travay 20:21)

Oubyen

Reite padon Bondye pou pechew yo ak lavi etènel la lèw mete konfians ou nan nenpòt lòt moun oubyen nenpòt bagay olie de Jezi Kri sèl ki kap fè Bondye aksèptew. Sepousa, sew menm kap peye panalite a paskew pase lalwa Bondye anba pyew.

- Nenpòt moun ki kwè nan pitit Bondye a ap gen lavi ki pap janm fini an, men nenpòt moun ki refize-l pap gen lavi. Malediksyon Bondye ap tonbe sou li. (Jan 3:36)

Lèw konnen kèk bagay de Jezi, sa pa vle di ou fè Jezi konfians pou sa...

3. MOUN KI NAN PARACHIT LA

Moun ki pran parachit montre kijan yo fè l konfians; lè yo sote sòti nan avion an e vole ak parachit la.

Disip Jezi yo montre kijan yo fè l konfians lè Lèspr Bondye a chanje panse yo ak dezi kè yo.

- Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se bagay nèf ki pran plas yo konnye a. (2 Kor. 5:17)
- Bondye di: “Mwen va ba ou yon kè nouvo e, mwen va mete nan ou, yon Èspri nouvo.” (Ezekyèl 36:26)

Menm jan antre andedan yon garaj pa fè w yon mekanisyen, se menm jan tou mache legliz pa vle di ou se kreyen.

Si ou ta renmen resevwa padon pou pechew yo ak kado lavi etènel la, fè lapryè sila.

“Jezi, mwen kwè ou te peye dèt peche m yo lè w te mouri sou kwa a e apre twa jou ou te leve pami mò yo. Mwen vle vire do bay peche-m yo e mete konfians mwen nan ou kòm seyè e sovè mwen. Mdakò pou m suiv ou pandan tout rès lavim. Mèsi pou kado lavi etènel la. Amèn.”

- Nenpòt moun ki rele mèl la ak tout kè li va sove. (Women 10:13)

Sa moun ki kwè nan Jezi tout bon an vle se:

- Viv yon jan ki fè onè Seyè a, fè l plèzi nan tout fason, pote fui nan tout bon travay epi grandi nan jan nou konnen Bondye. (Kolosen 1:10)

Li Bib la chak jou. Mache nan yon legliz ki anseye Bib la.

Ou kap jwenn dokiman sa a sou odinatè nan:

www.tracts.com/LKCreole.pdf

1. The Driver

A driver was once stopped by a police officer. He was a good driver and as far as he knew he had done nothing wrong.

The police officer said, "I pulled you over because you were going 60 through a school zone. There were ten warning signs that the speed limit was 15 and you ignored them all."

Just like the driver had ten warning signs, God has given us ten clear warning signs in the Bible. They are called the Ten Commandments.

Have you ever told a lie, stolen something or used God's name as a cuss word? If you're like me the answer is 'yes'.

Listen to what the Bible says:

- *Whoever keeps the whole law and yet stumbles at just one point is guilty of breaking all of it.* James 2:10

God is saying that by breaking one Commandment we have sinned and will be held accountable for breaking all of them, including adultery and murder.

- *God's judgment for our sin is death.* (Banishment to hell because He will not allow sin in His presence). Romans 6:23a

If the story ends here, there is no hope for us...

2. The Convict

An innocent man approached a judge and volunteered to be executed in the place of a convicted murderer. The judge consented. The next day the judge told the convict he had a decision to make.

"An innocent man has been put to death in your place. If you will accept his payment for your crime, you are free to go. If you will not accept his payment, you will be executed for your crime. Which do you choose?"

Jesus Christ, the Son of God, was sinless but voluntarily gave his life to pay the penalty for your sins and mine. (God's judgment for our sin is death). Three days later he rose from the dead.

- *God showed his great love for us by sending Jesus to die for us while we were still sinners.* Romans 5:8
- *The gift of God is eternal life in Christ Jesus our Lord.* Romans 6:23b

As a result of Jesus' death in your place, you have two choices:

Receive both God's pardon for your sins and eternal life by repenting (sensing your sinfulness and desiring to turn from it) and placing your trust in the Lord Jesus. (Acts 20:21)

OR

Reject both God's pardon for your sins and eternal life by trusting in anyone or anything other than Jesus to make you acceptable to God, thus bearing the penalty for breaking God's law yourself.

- *Whoever believes in the Son has eternal life, but whoever rejects the Son of God will not see life, for God's wrath remains on him.* John 3:36

Knowing about Jesus doesn't mean you believe in Jesus...

3. The Skydiver

Skydivers demonstrate their belief in their parachutes when they jump from the plane.

Followers of Jesus demonstrate their belief in Him when God's Spirit changes their thoughts and desires.

- *If anyone is in Christ, he is a new creation; the old has gone, the new has come!* 2 Corinthians 5:17
- *God says, "I will give you a new heart and put a new spirit in you."* Ezekiel 36:26

Just as entering a garage won't make you a mechanic, attending a church won't make you a Christian.

If you would like to receive God's pardon for your sins and the gift of eternal life, consider a prayer like this:

"Jesus, I believe you paid the penalty for my sins when you died on the cross and rose from the dead. I want to turn from my sins and place my trust in you as my Lord. I am willing to follow you the rest of my life. Thank you for the gift of eternal life. Amen."

- *Anyone who calls on the name of the Lord will be saved.* Romans 10:13

The desire of real followers of Jesus is to:

- *Live a life worthy of the Lord, pleasing Him in every way, bearing fruit in every good work, and growing in the knowledge of God.* Colossians 1:10

On-Tract.com

DOWNLOAD this message and other resources in dozens of languages. They were created to help you know and follow Jesus. All resources are FREE.

We would love to hear from you: ontract1@gmail.com